

Asirans Sante ak Konfidansyalite W

Depatman Sante Vil Nouyòk la pwoteje enfòmasyon pèsonèl moun yo itilize pou enskri nan asirans sante nan tout mezi lalwa pèmèt. **Sepandan**, apati 2026, ajans federal Medicaid la ap pataje sèten enfòmasyon, tankou non ak adrès kèk moun ki enskri, ak Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn Etazini (U.S. Immigration and Customs Enforcement, ICE) pou ede nan aplikasyon lalwa imigrasyon.

Kounye a, sa a aplike sèlman pou moun ki pa gen estati imigrasyon legal, tankou moun ki kalifye sèlman pou Emergency Medicaid ak kèk moun ki enskri nan Medicaid. Kounye a, sa a **pa** aplike pou moun ki gen estati rezidan pèmanan legal (kat vèt) oswa ki gen yon viza valab, refijye, moun ki resevwa azil, ak sèten lòt moun.

Yon konseye enskripsyon asirans sante nan Depatman Sante Vil Nouyòk ka ba w konsèy sou risk ak benefis ki genyen lè w enskri pou asirans sante. Si ou pa vle kontinye enskri pou asirans sante, yon konseye enskripsyon ka ba ou lòt opsyon pou jwenn aksè a sèvis swen sante abòdab nan vil Nouyòk.

Sa a se yon sitiyasyon k ap evolye. Pou aprann plis, vizite **nyc.gov/immigranthealth**.